

Kontakte Disability Rights Florida

Lè w rele n premye fwa, yon espesyalis nan admisyon pral mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm e yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt apre pou yo ka revwa.

Sèvis nou yo gratis e konfidansyèl.

Sèvis telefonik sou dwa pou vote: Telefonnen nan 877-352-7337 si w gen pwoblèm pou vote oubyen pou enskri pou w vote poutèt yon andikap.

Disability Rights Florida se yon òganizasyon san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, monte tanpri nan DisabilityRightsFlorida.org/funders. Enfòmasyon ki founi la pa ni yon reprezantasyon jiridik ni konsèy jiridik.

Disability Rights Florida
2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308
800-342-0823 | TDD: 800-346-4127
www.DisabilityRightsFlorida.org



Dwa & resous

Moun ki gen andikap k ap vote gen dwa pou yo:

- Vote an prive epi avèk endepandans.
- Itilize biwo vòt ki aksesib, sistèm enskripsyon pou vote, bilten vòt pa lapòs e lòt dispozitif pou vòt.
- Resevwa èd nan men tout moun ou chwazi (ki pa anplwayè oubyen yon reprezantan sendika) pou w vote.

Dwa sa yo anba pwoteksyon lwa federal ki annapre la ansanm ak lwa konèks eta a:

- Americans with Disabilities Act (ADA)
- Lwa sou dwat pou vote nan lane 1965
- Lwa lane 1984 sou aksesibilite pou moun aje e moun ki gen andikap vote
- Lwa nasyonal lane 1993 sou enskripsyon moun k ap vote

Sipresyon dwa

Yon moun gendwa pa gen dwa pou l vote lè l gen:

- Yon gadò plenye. Si yon moun anba gadò limite, lòd gadò a dwe endike dwa pou vote a anile.
- Yon kondanasyon poutèt krim nan eta Florida pou asasina oubyen yon enfraksyon seksyèl, amwenske e jouk tan konsèy sou lagras eta a (State Clemency Board) retabli dwa pou vote moun lan.
- Yon kondanasyon poutèt krim nan eta Florida kote tèm pou yon santans, sa gen ladan peman amann pa fin konplè.
- Yon kondanasyon poutèt krim nan yon lòt eta nan peyi a ki ta siprime dwa pou vote nan eta sa a.

Dwa ou genyen pou vote kòm moun ki gen andikap

Sa w dwe konnen sou vote yon jan ki aksesib e avèk tout endepandans nan eta Florida.



Kòman pou vote pa lapòs

Tout moun ki viv Florida gen dwa pou yo vote e gendwa vote pa lapòs.

Chak konte dwe founi yon opsyon aksesib pou vote pa lapòs, ki pèmèt yon moun ki avèg oubyen ki gen pwoblèm pou li tèks pou yon gen dwa make bilten vòt pa lapòs an sekre, endepandaman, e ki ka verifye avèk yon òdinatè e avèk pwòp aparèk elektwonik pa yo a.

- Se pou w enskri pou vote.
- Ou ka verifye anliy si w enskri.
- Se pou w kominike avèk sipèvizè eleksyon konte kote w ap viv la e mande pou yon bilten vòt pa lapòs omwen 12 jou anvan yon eleksyon.
- Pou vòt aksesib pa lapòs, se pou w mande tou pou yon bilten vòt pa lapòs ki aksesib adistans. W ap resewa bilten vòt estanda sou papye E bilten vòt aksesib pa imèl.
- Ranpli bilten vòt aksesib la, enprime l, e voye l tounen bay biwo sipèvizè eleksyon an (Supervisor of Elections Office) swa pa lapòs oubyen an pèsòn.

Jwenn sipèvizè eleksyon nan zòn ou an:



Kòman pou vote an pèsòn

Ou ka vote an pèsòn nan lè vòt bonè oubyen nan jou eleksyon an. Ou ka vote bonè nan tout lokal ki louvri nan konte kote w ap viv la, men w ap bezwen vote nan biwo vòt ki deziyen pou ou a nan jou eleksyon an.

- Pou vote an pèsòn, ou dwe ale avèk yon pyès didantite valab ki gen foto w epi siyati w sou li.
- Anplis, ou ka vini avèk yon echantiyon bilten vòt ou ranpli alavans oubyen vini avèk yon fèy papye ki gen detay sou kandida ou pito yo e chwa ou yo sou chanjman e lòt kesyon ki nan bilten vòt la.
- Metòd ou chwazi pou w vote a dwe yon metòd ki aksesib. Lwa pou ede ameriken vote (Help America Vote Act) egzijè pou gen omwen yon aparèy pou vote nan chak biwo vòt k ap aksesib pou tout moun ki gen yon andikap.

Jwenn biwo vòt ou a:



Dwa pou vote nan abitasyon kolektif

Florida pèmèt moun ki viv nan mezon ki founi swen enfimye / enfimye e nan etablisman ki founi swen mande pou sa lwa a rele etablisman ki sipèvizè vòt (Supervised Facility Voting). Li vle di si senk moun oubyen plis moun k ap viv la mande administratè etablisman an pou yo vote, e administratè kontakte sipèvizè eleksyon nan konte pa yo a, sipèvizè eleksyon an ap voye anplwaye biwo vòt nan etablisman sa a e moun k ap viv la ap ka vote lamenm.

Aktyèlman, etablisman ki sipèvizè vòt sèlman valab pou de kalite etablisman ki masyone yo, men amwenske genyen ki siprime, dwa pou vote pwoteje tou nan lòt kalite etablisman, sa gen ladan lojman an gwoup, etablisman ki founi swen entèmedyè, etablisman ki founi tretman, e prizon.

Sant enfòmasyon Disability Rights Florida pou moun k ap vote

Seksyon vòt sit entènèt nou a gen:

- Fich enfòmasyon
- Videyo k ap eksplike aparèy ki aksesib pou ka vote e kòman pou vote pa lapòs.
- Enfòmasyon sou dwa pou vote
- epi plis ankò.

